



## **AVETISMAN SOU OTORIZASYON POU TRAVAY!**

Anpil fwa, kèk anplwaye Disney ki legal nan peyi Etazini epi ki ranpli tout fòm ak peye kòb-yo alè pou renouvle pèmi travay-yo ("Kat travay"), rive twouve revokasyon kan menm paske gouvènman-an pa gentan voye kat travay bay anplwaye sa-yo atan. Sendika travayè-yo ap pran yon seri de aksyon pou pwotege tout dwa anplwaye imigran-yo:

**DWA ANPLWAYE KONTRAKTE-YO:** Si kat travay yon anplwaye fini, kontra Sendika-a bay garanti ke nan 90 jou lap renouvle kat travay-la epi tou la fe anplwaye sa-a rejwen ansyen djob li-an avèk tout benefis ke li te genyen avan (kontra Sendika-a, atik 13, Seksyon 8 (c)). Si ou nan pwoblèm sa-a ou sinon si ou konen yon anplwaye ki nan sitiyaasyon sa-a, kontakte responsab ak represantan Sendika-w la tout swit.

**RENOUVELMAN PÈMI TRAVAY TANPORE-A:** Si yon anplwaye te aplike pou renouvèlman pèmi travay tanporè-a epi leta poko voye dokiman-yo bali, anplwaye sa-a gen dwa pou li resevwa yon pèmi travay pwovizwa (pou yon titan). Pou pran randevou pou jwen pèmi travay "pwovizwa" sa-a, kontakte biwo Sèvis Imigrasyon ak Sitwayennte ki Orlando-a:

**SOU INTENET:** [www.infopass.uscis.gov](http://www.infopass.uscis.gov) (Anglè, espanyol, ak kreyòl)

**SWIV ENSTRIKSYON-YO POU PLASE YON RANDEVOU**

**ALE NAN RANDEVOU-AN AK TOUT DOKIMAN YO MANDE-YO**

**SI OU BEZWEN YO EDE'W PLASE RANDEVOU SOU INTENET, OU KA VINI NAN LOKAL SENDIKA-A KI NAN SAL NIMEWO 362.**

**MOUVMAN POU DWA TRAVAYE IMIGRAN-YO:** Sendika-a deside pou'l batay pou dwa tout manb li yo epi tou pou'l potekole avèk òganizasyon kominotè ansanm ak òganizasyon kap defan dwa imigran-yo atravè peyi Etazini.

***Ou kapab ede tèt-ou ansanm avèk anplwaye parèy ou yo lè ou patisipe nan Sendika-a. Kontakte responsab ou byen reprezantan Senkida'w la.***